

## **Konferans pou laprès TP konsènan Vaksen 6/1/21**

Mèsi dèské nou patisipe nan mizajou trè enpòtan sa a pou kominote a sou efò ki sou pye pou distribye vaksen COVID nan Konte Miami-Dade.

Mwen vle kòmanse pa remèsye tout moun ki vin mete tèt avèk mwen jodi a pou patenarya yo nan efò sa a pou vaksinen gramoun aje 65 ane oswa plis ak travayè lasante nan Konte Miami-Dade byen vit ak anpil efikasite.

Pa gen dout, nou vrèman gen yon ijans. Nou te aktive Biwo Jesyon Dijans nou an pou kowòdone distribisyon vaksen nan tout konte a. Nou isit la pou ba ou yon mizajou sou fason nou ap jere ijans sa a an kowòdinasyon avèk tout patnè yo. Efò sa a se yon tèt ansanm tout bon pou bay vaksen an san pèdi tan.

Antanke Majistra Konte, pi gwo priyrite mwen se mete tout ajans ki ap travay sou distribisyon vaksen yo ansanm sou yon sèl tab epi fasilitè kowòdinasyon ak bonjan komunikasyon. Sa se pi bon fason pou nou fè moun ki pi bezwen vaksen yo jwenn yo.

Depi semèn sa a, nou deja distribye vaksen bay plis pase 30,000 moun nan Konte Miami-Dade. Epi sèlman jodi a Jackson te kapab pwograme plis pase 12,000 randevou adisyonèl pou granmoun aje 65 oswa plis..

Nou tande byen fò ak byen klè vwa granmoun aje nou yo ki di ke yo pare pou vaksen an. Gen plis demann pase kantite ki disponib kounye a. Tanpri, konnen ke nou ap fè tout sa nou kapab pou distribye vaksen yo san danje, avèk efikasite pandan nou ap kontinye gwo efò pou vaksinen prèske prese prese demi milyon granmoun aje ki gen 65 ane oswa plis nan Konte Miami-Dade. Pandan nou ap resevwa plis vaksen, nou va mete yo disponib pi vit ke posib.

Nan nivo Konte a, nou konsantre nou pou nou rive jwenn rezidan ki pi frajil yo ak sa ki pi difisil pou jwenn yo, tankou granmoun aje ki nan lojman piblik ak moun ki gen bezwen espesyal. Pandan nou ap pale la a, ekip nou ap rele moun sa yo dirèkteman pou pran randevou vaksen pou yo.

Nou ap travay ak kowòdone seryezman avèk tout patnè piblik ak prive ak tout lidè ki nan konferans sa a

pou distribye vaksen nan kominote nou an rapidman ak anpil efikasite.

Nou tout konprann nou gen wòl diferan, men ki gen menm enpòtans pou nou jwe nan ede popilasyon nou an pran vaksen pandan nou ap swiv direktiv eta a pou distribye vaksen bay travayè lasante ak granmoun aje ki gen 65 ane oswa plis.

Nou ap bay yon sant enfòmasyon jeneral: [miamidade.gov/vaccine](http://miamidade.gov/vaccine), pou bay dènye enfòmasyon an tan reyèl pou piblik la sou kote vaksen an disponib kounye a.

Sit entènèt la disponib tou nan lang panyòl ak kreyòl. Ou ka vizite [miamidade.gov/vacuna](http://miamidade.gov/vacuna) oswa [miamidade.gov/vaksen](http://miamidade.gov/vaksen) pou w jwenn aksè a enfòmasyon nan tou de lang yo.

Nou ap travay tou avèk Eta Florid pou eksploré posibilité vaksinasyon nan machin nan lokal tès tankou Hardrock Stadium. Nou va pataje plis mizajou sou sa byento.

Objektif nou se rive kapab bay plizyè dizèn milye vaksen chak semèn nan tout konte a, aktive plis nan gwo sit distribisyon sa yo pandan nou ap travay tèt

kole avèk lopital, klinik nou yo, Depatman Lasante, ak vil yo.

Mwen vle tou pale sou anpil enkyetid nan fason nou ap fè pou distribiye vaksen yo yon manyè ekitab epi san patipri nan tout Konte Miami-Dade, epi jan nou fè pou moun ki pa gen aksè entènèt fasil yo kapab ladan tou.

Jan sa mansyone, Konte Miami-Dade konsantre sou rele dirèkteman granmoun aje vilnerab, ki difisil pou jwenn ki anba swen konte a pou pran randevou dirèkteman pou yo. Nou ap vizite granmoun aje lakay yo dirèkteman pou vaksinen yo, epi nou ap fè aranjman transpò pou moun ki bezwen ale nan sit vaksinasyon nou.

Anplis de sa, pou moun ki pa gen òdinatè oswa WIFI, bibliyotèk nou yo gen tou de gratis atravè tout konte a.

Nou ap travay tou avèk eta a, lopital yo, ak Depatman Lasante nan Konte Miami-Dade pou aktive otan sit vaksinasyon ke posib pou asire ke moun ki nan tout katye yo gen aksè fasil a yon sit vaksen tou pre yo.

Mèsi yon lòt fwa ankò a tout lidè yo isit la jodi a pou patenarya w sou efò sa a, a manm medya yo pou wòl enpòtan ou jwe nan kominike enfòmasyon sa a byen klè bay piblik nou an, ak tout manm kominote nou an ki ap gade e ki tèlman bezwen enfòmasyon.

Nou ap antre nan yon chapit final enpòtan nan batay kont koronavirus - men nou pokò rive kote mou prale a. Sèl fason pou soti nan sa se vaksinen rapidman otan moun ke posib. Epi nou pa ka bese ba.

Mwen pran angajman pou asire ke manm ki pi vilnerab nan kominote nou an ka jwenn aksè a vaksen prese prese epi nou prak travay pi rèd pase tout tan pou n fè sa rive.